**xasida ihfas wolof**

Maa ngi tàmblee ci turu yàlla, miy yaatali xeewëlam ci àddina te di ko jagleele ca alaaxira
Yaw yàlla yalnanga dolli xewël ak mucc ak barke ci suñu sang suñu kilifa turëm di Mohammad ak ñoñam Aki saabam
Yalnanga wattul képp ko xamni wattuna yii bëyiit ci arafi Allah

1. Yaw sama boroom nanga wàttu ngir sa jëmm jadi aji tédd képp ko xamni mokkalna bëyiit yi ci bépp jamono
2. Nangama nangul sama ñaan yaw sama boroom te nga jubële ibliis ci lu feeñ ak lu nëbbu mu jëm ci keneen kudul man te nga jéngalmako
3. Yaw sama boroom sama dalug xol ñeel nala te képp ku jublu kudul yaw dana alaku
4. Yaw sama boroom nanga wattu sama bitti ak sama biir ci yàqu yàqu yi te nga Sellal sama dënn
5. Yaw boroom jamono nangama may ma tabbi ci sa kaarànge di boroomug mucc àddina ak alaaxira
   Barkeelna te kawena yalnanga nangul ñaan yaw boroom mbindeef yi

Tudd naa sellug sa Boroom, Boroom kàttan gi
Kawe na ca la ñu koy melal !
Te jàmm yal na wàcc ci Yonent yi, te xeeti cant yépp ñeel na Yàlla miy Boroom àddina si

aji bind ji Nuuru Daarayni WÀDD di tuup baax tay dagaan seeni ñaan